



PEMERINTAH KOTA DEPOK
DINAS PENDIDIKAN

ULANGANKENAIKANKELAS
SEKOLAH MENENGAH PERTAMA (SMP)
Tahun Pelajaran 2010/2011

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Kelas : VII
Hari, Tanggal : Jum'at, 17 Juni 2011
Waktu : 90 Menit

PETUNJUK :

1. Disediakan Lembar Jawaban Komputer (LJK)
2. a. LJK dipergunakan untuk jawaban Soal Pilihan Ganda.
b. Tulislah dengan jelas : Nama Anda, Nomor Peserta Anda, Sekolah Asal, Tanggal Ulangan Kenaikan Kelas, Jam ke, Tanda tangan, dan menghitamkan bulatan kecil pada LJK sesuai dengan petunjuk.
c. Jawaban dikerjakan dengan cara menghitamkan bulatan kecil sesuai dengan jawaban yang Anda anggap benar.
d. Apabila ada jawaban yang keliru dan Anda ingin memperbaikinya, hapuslah jawaban yang keliru itu dengan menggunakan karet penghapus pensil, kemudian hitamkan bulatan kecil lain sesuai dengan jawaban yang Anda anggap benar.
e. LJK jangan sampai rusak, basah atau kotor
3. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
4. Laporkan kepada Pengawas Ulangan Kenaikan Kelas kalau terdapat tulisan yang kurang jelas, rusak atau jumlah soal kurang.
5. Jumlah soal sebanyak : Pilihan ganda 40 soal, Uraian 5 soal
6. Dahulukan menjawab soal-soal yang Anda anggap mudah
7. Mintalah kertas buram kepada pengawas Ulangan Kenaikan Kelas, bila diperlukan
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum Anda serahkan kepada pengawas Ulangan Kenaikan Kelas.

SELAMAT BEKERJA

I Pilihan Ganda

WACANA

Kumbang Tulang Maung

.....
.....
Ti dinya, breg Sakadang Maung dibegbregan ku runtah jeung pangpung, mani ngunung-ngunung. Sut disundut.
Barang ger gé diduruk, Sakadang Maung hos baé paéh, awakna mani géhéng jadi ruhak, da euweuh akal.
Sanggeus kitu, Sakadang Kuya nyokot tulang pingpingna hiji, karepna rék dijieun kumbang. Tuluy ku manéhna dibawa. Teu lila gok papanggih jeung Caladi.
.....
.....

Dicutat tina RINÉKA BASA VII-B

1. Saha waé palaku dina dongéng di luhur téh....
A. maung, kuya, peucang
B. maung, kuya, caladi
C. maung, buaya, caladi
D. kuya, caladi, buaya

2. Tulang Maung anu dijieun kumbang téh nyaéta tulang....
A. leungeun
B. bitis
C. tonggong
D. pingping
3. Anu paéh waktu silihduruk nyaéta....
A. maung
B. kuya
C. caladi
D. peucang
4. "Nani jeung Dian... lantaran keur paraséa."
Frasa anu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur téh nyaéta....
A. silihtiron
B. silihpelong
C. silihtoél
D. silihjenggur
5. "Barudak téh... ari dititah mah."
Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur téh nyaéta....
A. padahayang
B. padanyaho
C. padaembung
D. Padanulis
6. "Wilujeng sumping... sadaya dina uleman ieu acara."
A. padasiswa
B. paratamu
C. padatamu
D. parasiswa

Wacana

Robahna suasana di Dépok karasana téh gancang pisan. Dépok anu tadina ukur kacamatan téh tur pangeusina ogé teu pati réa, ayeuna mah geus kacida robahna. Pendudukna beuki gegek, komo sanggeus jadi kota mah.

Keur tacan pati ramé mah, najan di wewengkon Dépok taya gunung, tapi hawana masih kénéh seger, sabab loba kebon anu pinuh ku tatangkalan. Ngan kiwari mah éta kaayaan téh geus loba robahna.

Tambahna penduduk tangtu nyababkeun tambahna padumukan. Lahan anu asalna mangrupa kebon, kiwari geus salin jinis jadi wewengkon anu ramé. Salian ti éta, jumlah penduduk anu loba téh tangtu baé mikabutuh sarana jeung fasilitas deuih, di antarana kendaraan.

Dicutat tina RINÉKA BASA VII – B

7. Kaayan Dépok baheula....
 - A. pangeusina gegek
 - B. loba kendaraan
 - C. loba kebon jeung tatangkalan
 - D. loba polusi hawa
8. Anu nyababkeun tambahna padumukan nyaéta....
 - A. tambahna padagang
 - B. tambahna penduduk
 - C. tambahna wisatawan
 - D. tambahna pangangguran
9. “Bangkong bangun nu keur ngawangkong di sawah.”
Gaya basa mijalma (personifikasi) dina kalimah di luhur dituduhkeun ku kecap....
 - A. bangkong
 - B. bangun
 - C. ngawangkong
 - D. sawah
10. “Sora suling... tengah peuting.”
Kecap anu merenah keur ngalengkepan kalimah di luhur nu ngandung gaya basa mijalma nyaéta....
 - A. ngabérélé
 - B. ngabangingik
 - C. imut
 - D. gugupay

ANAK ADAM

Anak adam anjeun di dunya ngumbara
Hirup anjeun di dunya téh moal lila
Umur anjeun unggal poé dikurangan
Beurang peuting umur anjeun dicontangan

11. Wacana di luhur mangrupa....
 - A. sajak
 - B. Pedaran
 - C. sisindiran
 - D. pupujian
12. Saha nu dimaksud Anak Adam téh....
 - A. manusa
 - B. jin
 - C. malaikat
 - D. sétan
13. “Jaga engké di poé ahir, umat manusa bakal dikumpulkeun di ahérat.”
Kecap serapan tina basa Arab dina kalimah di luhur nyaéta....
 - A. umat, ahir
 - B. umat, manusa
 - C. ahir, ahérat
 - D. ahir, umat

14. “Éta perkara téh dibawa ka....”
 - A. méja makan
 - B. méja pingpong
 - C. méja tulis
 - D. méja héjo
15. “Jajang mah budak... mani gampil dititahna.”
Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur téh nyaéta....
 - A. hampang birit
 - B. hampang leungeun
 - C. hampang suku
 - D. hampang awak

Sajak

Geus datang deui wancina ngabuburit
Geuning urang terus ngariung di jalan
Dina sisimpangan ka kénca jeung katuhu

16. Sempalan (kutipan) sajak di luhur judulna nyaéta....
 - A. Wancina
 - B. Ngabuburit
 - C. Ngariung
 - D. Sisimpangan
17. Nu ngarang sajak di luhur téh nyaéta....
 - A. Juniarso Ridwan
 - B. Rahmat M. Sas. Karana
 - C. Yus Rusyana
 - D. Indah L.
18. Istilah séjén gaya basa eufimismeu nyaéta....
 - A. mijalma
 - B. ocon
 - C. rautan
 - D. kadalon
19. Alat kasenian calung mah biasa dimaénkeuna ku cara....
 - A. ditiup
 - B. dioyagkeun
 - C. ditakol
 - D. dipirig

Wacana

Nyieun Tapé Uli

Di wewengkon Dépok mah kadaharan tapé (peuyeum ketan) jeung uli (ulén) téh geus teu bireuk deui. Malah saterusna mah sok disebut tapé uli waé. Éta kadaharan téh bisa disebut kadaharan has Dépok. Salian ti babari nyieunna, bahan-bahanna teu hésé néanganana. Disebut tapé uli téh pédah geus kitu wé meureun kuduna; lamun aya tapé, geus pasti sok aya uli, jeung sabalikna.

Cara nyieunna kudu sadia heula bahanna. Bahanna keur nyieun tapé nyaéta béas ketan hideung saléter jeung ragi peuyeum sagandu. Ari cara nyieunna nyaéta béas ketan diberesihan heula, bisi aya keusik atawa sérak, ditapi dina nyiru, tuluy diisikan dina boboko. Sanggeus beresih, dikeueuman sapeuting dina baskom. Isukna kudu diisikan deui, terus dituuskeun. Bari ngadagoan tuus, urang kudu nyadiakeun sééng/dandang nu geus dicaiian, tuluy ditagenkeun dina kompor; baréto mah sok dina hawu. Mun geus sahéng, béas ketan meunang nuuskeun téh diseupankeun.


Dicutat tina RINÉKA BASA Kelas VII Seméster II

20. Kadaharan has Dépok anu geus teu bireuk deui nyaéta....
 - A. tapé uli
 - B. peuyeum sampeu
 - C. tapé sampeu
 - D. sangu konéng

21. Bahan-bahan nu biasana dipaké pikeun nyieun tapé nyaéta....
 A. béas jeung ragi peuyeum
 B. béas ketan bodas jeung ragi peuyeum
 C. béas ketan hideung jeung ragi peuyeum
 D. kacang héjo jeung ragi peuyeum

22. Cara nyieun tapé téh biasana béas ketan dibersihan heula, tuluy diisikan dina....
 A. baskom
 B. sééng
 C. nyiru
 D. boboko

23. Gambar ieu di handap biasana dipaké keur nyangu mangrupa gambar....



- A. boboko
 B. nyiru
 C. sééng
 D. dulang

24. "Mang Jati ngala gedang gading."
 Kecap *gading* mun maké rarangkén tengah -um-/-in- jadi....
 A. gumading
 B. umagding
 C. gamuding
 D. amugding

WACANA

Tolé Iskandar

Hidep tangtu geus arapal. Enya, pahlawan ti Dépok téh nyaéta Tolé Iskandar. Éta pahlawan kiwari ngaranna diabadikeun jadi ngaran jalan, nu nepungkeun Jalan Raya Bogor jeung Kota Dépok.

Dina jaman révolusi, di wewengkon Dépok aya pasukan Tentara Keamanan Rakyat anu dipingpin ku Létnan Muda Tolé Iskandar. Teu lila ti harita, Dépok jadi Markas Besar Batalyon I. Pasukanana dipingpin langsung ku Tolé Iskandar.

Tentara Walanda jeung Inggris remen ngagempur kota Dépok, tapi can kungsi hasil bisa ngéléhkeun pajuang ti pihak urang. Malah sabalikna, pasukan anu dipingpin ku Tolé Iskandar kungsi nyerbu ka tentara Inggris anu ngamarkas di Kalibata jeung Pabrik Ban "Good Year" Bogor.

Dicutat tina RINÉKA BASA Kelas VII Seméster II

25. Pahlawan Dépok téh nyaéta....
 A. Mohammad Toha
 B. Tolé Iskandar
 C. Teuku Umar
 D. Mohammad Ramdan

26. Bangsa mana nu diserbu pasukan nu dipimpin ku Tolé Iskandar di Kalibata téh....
 A. Jerman
 B. Inggris
 C. Walanda
 D. Portugis

27. "Aris mah jangkung... Jati mah pendék."
 Kecap panyambung anu merenah keur ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta....
 A. sabab
 B. katut
 C. lain
 D. ari

28. "Manéhna geulis... judes pisan."
 Kecap panyambung anu merenah keur ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta....
 A. tapi
 B. tuluy
 C. lamun
 D. jeung

29. Kokom: "Basa liburan semester hiji kamari abdi mah ka Bandung. ... ari Ujang liburan ka mana?"
 Ujang : "Abdi mah ka Sumedang."
 Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan paguneman di luhur nyaéta....
 A. Iraha
 B. Sangkan
 C. Kumaha
 D. Naha

30. "Geura mulih, tuh... raka tos ngantosan!"
 Kecap sulur nu merenah pikeun kalimah di luhur nyaéta....
 A. pun
 B. tuang
 C. sim
 D. na

31. "Tos lami abdi henteu ka bumi nini. Émut harita téh sasih Romadon. Di jalan Unwim téh aya pasar malem. Abdi ngajak ka pun biang, hoyong nganjang ka bumi pun nini. Pun biang satujuan pisan, kitu deui pun bapa, ogé pun adi atoheun pisan."
 Badé nganjang ka mana carita di luhur téh....
 A. pun biang
 B. pun nini
 C. pun bapa
 D. pun adi

32. "Kakara mulih... Jakarta, langsung angkat... Bandung."
 Kecap pangantét (kata depan) anu merenah keur ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta....
 A. ka, ti
 B. tina, kana
 C. ti, ka
 D. kana, tina

Wacana

Tos lami abdi henteu ka bumi Nini. Émut harita téh sasih Romadon. Di Jalan Unwim téh aya pasar malem. Abdi ngajak ka pun biang, hoyong nganjang ka bumi pun nini. Pun biang satujueun pisan, bari sakantenan ngintun sangu sareng kolek kanggo buka puasa.

Dicutat tina RINÉKA BASA VII-B

33. Dina carita di luhur, tokoh abdi nganjang ka niyina bareng jeung....
 A. emangna
 B. lanceukna
 C. indungna
 D. adina
34. Tokoh abdi nganjang ka imah ninina dina waktu....
 A. libur sakola
 B. bulan Romadon
 C. Lebaran
 D. minggu hareup

35. Kecap rajékan dwimurni aya dina frasa....
 A. babalik
 B. bulak-balik
 C. balik-balik
 D. bolak-balik
36. Rarangkén tukang -na dina kecap di handap nu ngandung boga harti milik nyaéta....
 A. Mundingna Abah Juki aya dua puluh.
 B. Indit ka Bandungna téh poé Saptu.
 C. Harga gula sakilona Rp. 6000
 D. Anak nu cikalna mah di Perguruan Tinggi.
37. "... kotor lantaran can diseuseuh."
 Kecap anu merenah keur ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta....
 A. hargana
 B. bajuna
 C. béjana
 D. imahna

Wacana

.....
 Budak anu tas ditimbang téh sok dibébénjokeun ku cara dibéré dahareun; mimindengna mah bubur kacang héjo. Lamun kabeneran keur aya dahana, sakapeung sok dibagi kuéh deuih; aya bolu kukus, roti, atawa donat.

Salian ti ditimbang, barudak téh sok divaksin jeung dibéré vitamin deuih. Gratis tangtuna gé, da disayagikeun ku pamaréntah ngaliwatan Dinas Kaséhatan.


Dicutat tina RINÉKA BASA VII-B

38. Budak anu geus ditimbang téh sok dibébénjokeun ku....
 A. hiburan badut
 B. cocooan
 C. dahareun
 D. lalaguan
39. Vaksin jeung vitamin gratis téh mangrupa bantuan ti....
 A. Dinas Pendidikan
 B. Dinas Peternakan
 C. Dinas Pertanian
 D. Dinas Kaséhatan

40. "Ngarah teu kabaurangan mah,isuk-isuk!"
 Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta....
 A. tinggalkeun
 B. hudangkeun
 C. bukakeun
 D. tempokeun

II. URAIAN

41. Jieun kalimah ku ngagunakeun kecap kantétan ieu di handap!
 a. gedé hulu
 b. panjang leungeun
 c. buntut kasiran
42. Pilari maksud gaya basa rautan ieu di handap!
 a. teu patos ngadangu
 b. kirang rajin
 c. kirang séhat
 d. ka pengker
43. Jelaskeun gambar ieu di handap!



44. Robah ieu kecap di handap kalayan ngagunakeun rarangkén tengah -um-/-in-!
 a. sujud
 b. pasti
 c. kecrot
 d. ganjar
45. Jelaskeun bagian-bagian karangan ieu di handap!
 a. bubuka
 b. eusi
 c. panutup